

REZIME SENP RÈGLEMAN PWOGRAM ASISTANS FINANSYÈ

Asistans finansyè yo Ofri

Broward Health ofri asistans finansyè grasa Pwogram Asistans Finansyè li a pou ede avèk depans pou swen dijans oswa swen medikal ki nesèsè lè pasyan pa gen asirans, lè pasyan yo se rezidan pèmanan teritwa Broward Health, epi pasyan sa yo pa gen lòt mwayen pou peye.

Kijan pou Aplike pou Asistans

Pou aplike pou asistans finansyè, aplikan dwe rasanble tout enfòmasyon yo mande sou tchèklis asistans finansyè a, epi rankontre pèsònèlman avèk yon konseye finansye Broward Health pou ranpli yon aplikasyon asistans finansyè sou entènèt.

Kowòdone

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram Asistans Finansyè Broward Health, oswa pou yo ede w avèk pwosede aplikasyon an, tanpri vizite nou sou sitwèb www.browardhealth.org/moped. Gen enfòmasyon anplis ki disponib pa kourye oswa an pèsòn nan toulèkat Sant Medikal nou yo.

Broward Health Medical Center, 1600 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, FL 33316 (954) 355-5442,
Broward Health North, 201 E. Sample Rd., Deerfield Beach, FL 33064 (954) 786-6589,
Broward Health Imperial Point, 6401 N. Federal Highway, Fort Lauderdale, FL 33308 (954) 776-8708,
Broward Health Coral Springs, 300 Coral Hills Drive, Coral Springs, FL 33065 (954) 344-3006.

Kondisyon Elijibilite

Chak aplikasyon pou asistans finansyè ak deklarasyon salè va sèvi pou detèmine elijibilite tout manm fanmi an ki pa gen asirans epi ki sou lis sou aplikasyon an.

Toudabò aplikan yo dwe aplike pou pwogram èd ki disponib (pami lèkèl paregzanp “Health Insurance Marketplace”, Medicaid, Medicare, Florida KidCare, ets.) epi konplete pwosede aplikasyon an, anvan Broward Health kapab di yo elijib pou asistans finansyè. Si se pa sa, yo va denye aplikasyon an oswa revoke asistans finansyè yo te fin aprouve a.

Selon Barèm Federal sou Povrete a, si salè fanmi yon aplikan ki kalifye / aprouve pi ba oswa ekivo a 200% Barèm Federal sou Povrete a, aplikan an va resevwa asistans finansyè total-kapital; l ap sèlman gen pou bay kopeman \$10 oswa \$25 (depandaman kantite lajan yo fè).

Pou yo elijib pou asistans finansyè, aplikan yo dwe bay prèv yo se sitwayen Ameriken oswa rezidan pèmanan legal Lèzetazini, epitou yo dwe bay prèv yo rete sou teritwa Broward Health pou omwen 30 jou anvan dat sèvis la,

Tradiksyon Règleman sou Asistans Finansyè a

Tradiksyon Règleman Asistans Finansyè a, Aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansyè, epi rezime senp sa a disponib annanlè, an panyòl, an pòtigè, epi an kreyòl sou www.browardhealth.org/moped.

Montan yo Fè Peyè Dabitid

Lè yon pasyan vin elijib pou asistans finansyè, lè yo mande pasyan an pou peye pou swen dijans oswa swen medikal ki nesèsè, yo pap mande li montan ki pi depase montan yo mande moun ki gen asirans.